

DHENDHAME PARAGA UTAMA SAJRONE CERBUNG *POLAHE RASA* ANGGITANE AL ARIS PURNOMO : TINTINGAN PSIKOANALISIS SIGMUND FREUD

DEA RISTIANA DEWI

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Cerbung *Polahe Rasa* nengenake babagan kajiwan ing perangan critane. Anane rasa dhendham ing kajiwane paraga utama ndadekake paraga utama tansah digubel dening napsu kanggo males ukum. Rasa dhendham kang ngrembaka ing kajiwane paraga utama uga ndadekake sawijining konflik ing batine. Adhedhasar onjone bab kajiwan kasebut, mula panliten iki nggunakake kajian psikologi sastra

Underaning panliten sajrone panliten iki yaiku (1) kepriye gegambarane paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo, (2) kepriye gegambaran rasa dhendhame paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo, lan (3) kepriye carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Adhedhasar underaning panliten kasebut, ancasing panliten yaiku (1) ngandharake gegambarane paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo, (2) ngandharake gegambaran rasa dhendhame paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo, lan (3) jlentrehake carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Panliten iki diajab bisa menehi paedah tumrap pangrembakaning sastra Jawa modern, tumrap pamaca, lan tumrap piwulangan sastra.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki didhasarake ing teori-teori *psikoanalisis* kang diandharake dening Sigmund Freud mligine struktur kapribadhen, dinamika kapribadhen lan *mekanisme pertahanan ego*.

Panliten iki kagolong panliten kualitatif deskriptif. Sumber data panliten iki arupa cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Data sajrone panliten iki arupa frase, tembung lan ukara kang selaras karo underaning panliten yaiku gegambarane paraga utama, gegambarane dhendham paraga utama dan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Tata cara ngumpulake data sajrone panliten iki yaiku teknik pustaka. Tata pangolahe data ing panliten iki yaiku nggunakake teknik deskriptif analisis.

Adhedhasar asil analisis, bisa didudut yen paraga utama yaiku Anggara Bayu Sakti digambarake dening Al Aris Purnomo minangka paraga kang *berkembang*. Sejatine Anggara Bayu Sakti minangka paraga kang becik, nanging jalaran ngadhepi perkara ing kajiwane ndadekake tumindake dadi ala. Kang kaloro ngenani gegambaran dhendhame paraga utama, dhendham minangka wewujudan saka naluti mati ndadekake *pertentangan* antarane struktur kapribadhen *id*, *ego*, lan *superego*. Nanging ing pungkasane *pertentangan* kasebut dimenangake dening struktur kapribadhen *superego* lan uga disengkuyung karo naluri panguripan kang ngrembaka ing dhirine paraga utama. Rasa dhendham uga ndadekake paraga utama digubel dening rasa kuwatir. Rasa kuwatir tuwuh saliyane dijalari anane *pertentangan* antarane struktur kapribadhen *id*, *ego*, lan *superego*, uga dijalari saka tuwuhe rasa tresnane paraga utama marang anak saka mungsuhe dhewe. Rasa dhendhame paraga utama tuwuh diwiwiti nalika bapake paraga utama mlebu pakunjaran jalaran difitnah nindakake korupsi nganti tilar donya ing pakunjaran. Saka kedadeyan kasebut, panguripane paraga utama lan kulawargane dadi susah lan pungkasane nuwuhake kapenginan kanggo males ukum. Kang katelu yaiku carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame kasebut kanthi nggunakake *mekanisme pertahanan ego* yaiku *proyeksi*, *rasionalisasi*, *reaksi agresi* lan *intelektualisasi*.

PURWAKA

Sastra minangka kaca pangilon tumrap sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa (Endraswara, 2008:179). Semono uga ngenani gegambaran tumindake

manungsa nalika sesambungan karo pawongan liya. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan liyane mesthi nuwuhake maneka kedadeyan. Kadhangkala bab kuwi mujudake kedadeyan kang

nyenengake nanging ora sethithik uga ndadekake kedadeyan kang ora nyenengake. Anane kedadeyan kang ora nyenengake lumrahe diarani konflik.

Dayane konflik kang tuwuh ing panguripan uga akeh menehi owah-owahan tumrap kajiwane manungsa. Owah-owahan kajiwan kasebut kerep diwujudake lumantar kahanan emosi kang kadhangkala nuwuhake rasa gething marang subjek konflik. Rasa gething bakal nuwuhake nepsu utawa pepenginan kanggo ngrusak pawongan kang minangka punjere rasa gething. Rasa gething bakal ndadekake anane sawijine dhendham kang wujud ora bakal marem yen durung bisa menehi piwales.

Perkara kaya mangkono wis kerep dumadi ing masarakat. Dadi dudu bab kang ora lumrah maneh menawa anane konflik kasebut uga menehi daya pangaribawa tumrap pengarang kang minangka perangan saka masarakat kanggo nggambarake bab kasebut sajrone karya sastrane. Kanthi anane kahanan kaya mangkono, cetha bab iki bisa digunakake bukti menawa karya sastra mono pancen wujud tiron saka kanyatan ing masarakat (Darma, 2004:42). Konflik kang kagambarake ora wutuh saka kanyatan wae, ananging wis samesthine digawe kanthi dilarasake karo imajinasine pengarang.

Karya sastra kang nuwuhake gegambaran panguripane manungsa mligine gegambaran kajiwan lan pangrembakane kajiwan saka paraga-paragane diarani sastra psikologis (Kuntowijaya, 1987:137). Salah sawijining sastrawan kang nggambarake psikologis saka paragane yaiku Al Aris Purnomo. Dheweke minangka sastrawan saka Wonogiri kang produktif ing jagade kasusastran Jawa. Bab kasebut katitik saka asil karyane wiwit geguritan, cerkak, cerbung, crita rakyat, kerep kapacak ing kalawarti basa Jawa. Salah sawijining karyane arupa cerbung lan uga minangka objek ing panliten iki yaiku *Polahe Rasa*. Cerbung *Polahe Rasa* kasebut kapacak ing kalawarti Djaka Lodang.

Cerbung *Polahe Rasa* didadekake minangka objek ing panliten iki kanthi landhesan saka perangan critane kang narik kawigatene panliti. Wiwitane crita panliti wis diadhepake marang sawijining gegambaran perkara kajiwan kang cukup muyeg. Perkara kajiwan kasebut awujud rasa dhendham lan kapenginan males ukum kang digembol dening paraga utama. Perkara kuwi uga disengkuyung dening konflik-konflik liyane awujud rasa tresnane paraga utama marang anak saka mungsuh paraga utama. Anane rasa dhendham uga ndadekake konflik ing batine. Adhedhasar onjone bab kajiwan saka cerbung *Polahe Rasa* kasebut, mula panliten iki bakal dionceki luwih jero kanthi nggunakake kajian psikologi sastra mligine kanthi nggunakake teori psikoanalisis Sigmund Freud.

Gegayutan karo andharan mau underane panliten iki yaiku (1) kepriye gegambarane paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo, (2) kepriye gegambaran rasa dhendhame paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo?, lan (3) kepriye carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo?

Adhedhasar underane panliten kadudut ancane panliten kaya mengkene: (1) ngandharake gegambarane paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo, (2) ngandharake gegambaran rasa dhendhame paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo, lan (3) njlentrehake carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitan Al Aris Purnomo.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah, dene paedah yaiku: (1) tumrap sastra Jawa modern, panliten iki diajab bisa menehi sumbangan marang pangrembakane sastra Jawa, mligine ing sastra Jawa modern. Panliten iki uga dikarepake bisa digunakake kanggo sarana ngrembakake kasusastran Jawa modern, (2) tumrap pamaca, panliten iki nduweni pangajab bisaa didadekake minangka sarana pasinaon babagan analisis tumrap karya sastra Jawa modern mligine analisis kanthi titingan psikologi sastra. Saliyane bab kasebut, panliten iki diajab bisa nggampangake pamaca anggone menehi pambiji tumrap karya sastra Jawa, lan (3) tumrap piwulangan sastra, panliten iki bisaa didadekake minangka sumber informasi kritik sastra ing jagade piwulangan sastra ing donya pawiyatan. Panliten iki uga bisaa kanggo bahan piwulangan apresiasi sastra tumrap sekolah-sekolah.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Psikologi Sastra

Psikologi dumadi saka basa Yunani *psyche* kang ateges jiwa lan *logos* kang ateges ilmu. Dadi, psikologi minangka ilmu jiwa utawa ilmu kang ngrembug lan nyinaoni babagan tumindake manungsa (Atkinson sajroning Minderop, 2011:3). Miturut Endraswara (2008:96) sejatine psikologi sastra yaiku salah sawijining ilmu kang menehi pamawas tumrap karya sastra minangka wujud *aktivitas* kajiwane manungsa. Nyinaoni psikologi sastra sejatine saemper karo nyinaoni manungsa ing perangan luwih jero. Anane psikologi sastra nduweni guna kang wigati tumrap panliten karya sastra (Endraswara, 2008:15). Bab kasebut dijalari tanpa anane psikologi sastra, maneka aspek-aspek kajiwan kang tuwuh ing karya sastra ora bisa dingerteni kanthi cetha.

Teori Psikoanalisis Sigmund Freud

Psikoanalisis minangka salah sawijining perangan saka ilmu psikologi kang ditemokake dening Sigmund Freud yaiku sawijining dokter mudha ing Wina. Sigmund Freud minangka keturunan Yahudi kang lair ing Austria lan tilar donya ing London nalika umur 83 taun. Freud mangun sawijining pamawas ngenani teori psikologi adhedhasar pengalamane ngadhepi pasien kang nyandhang perkara mental (Eagleton sajroning Minderop, 2011:10).

Struktur Kapribadhen Sigmund Freud

Freud mangun telung modhel kapribadhen kang diarani struktur kapribadhen. Telung struktur kapribadhen kasebut yaiku *id*, *ego* lan *superego*. *Id* minangka perangan kapribadhe manungsa kang digambarake kaya raja utawa ratu kang manut karepe dhewe, ora gelem ngalah, egois, lsp. Dene *ego* digambarake kaya perdana menteri kang nindakake maneka tugas sesambungan karo realitas. *Superego* kaya dene pendheta kang tansah nduweni tetimbangan tumrap nile-nile panguripan, apik lan alane (Minderop, 2011:21).

Id

Id minangka perangan psikis kang paling dhasar. *Id* dikuwasani dening *naluri* panguripan lan *naluri* mati. Sajroning *id* ngrembaka *naluri-naluri* kang digawa wiwit lair arupa *seks* lan *agresifitas* (Freud, 1991:15).

Alwisol (2008:14-15) ngandharake yen *id* minangka perangan kapribadhen kang kerjane adhedhasar *prinsip* kasenangan. *Prinsip* kasenangan kasebut awujud usaha kanggo nggayuh rasa seneng. Fungsi *id* yaiku ngupaya kanggo ngurangi utawa ngilangi *ketegangan* lan mbalekake marang tingkat energi kang normal. *Id* amung bisa mbayangake samubarang tanpa bisa mbedakake antarane khayalan lan kasunyatan. *Id* uga ora bisa mbedakake bener utawa salah lan ora ngerti moral.

Prinsip kasenangan kang digayuh dening *id* ditindakake kanthi rong cara yaiku tumindak *refleks* lan *proses primer*. Tumindak *refleks* yaiku *reaksi otomatis* kang digawa wiwit lair kayata ngedhipake mripat. Dene *proses primer* yaiku *reaksi* mbayangake samubarang kanggo ngurangi *ketegangan*.

Ego

Ego minangka perangan saka alam sadhar lan ora sadhar. *Ego* ngrembaka saka *id*. Cara kerjane *ego* adhedhasar prinsip realita (Alwisol, 2008:15). *Prinsip realita* ditindakake kanthi sarana *proses sekunder*. *Proses sekunder* yaiku tuwuhe pikiran kang asipat realistik kanggo nyusun rencana lan nguji rencana kang wis ditata. *Proses sekunder* kasebut digunakake kanggo mujudake apa kang dikarepake ing pikiran.

Saliyane kuwi *ego* nduweni guna kanggo nglarasake tuntutan saka *id* lan *superego*. Nanging tuntutan saka *id* lan *superego* kasebut uga kudu diselarasake karo donya njaba. Kanthi anane tuntutan saka telung perangan kang padha-padha ora bisa ngalah siji lan sijine, *ego* bakal nuwuhake *reaksi* tartamtu yaiku rasa kuwatir. Mula saka kuwi, *ego* nggunakake *mekanisme pertahanan* kanggo nglawan rasa kuwatir (Muis, 2009:7).

Superego

Superego minangka kakuwatan moral lan etik saka kapribadhen kang cara kerjane adhedhasar *prinsip idealistik*. *Prinsip idealistik* minangka kosok balen saka *prinsip kesenangan id* lan *prinsip realistik* saka *ego* (Alwisol, 2008:16).

Superego nduweni rong subsistem (Muis, 2009:9) yaiku swarane ati nurani lan *ego ideal*. Swarane ati nurani diasilake saka pengalaman-pengalaman ukuman kang diolehi nalika tumindak kang ora bener lan saka ukuman kasebut bisa dingerteni apa kang sejati ora apik yen ditindakake. Dene *ego ideal* diasilake saka pengalaman-pengalaman ngenani *penghargaan* sajroning nindakake samubarang kang bener lan nuduhake apa sejatine kang kudu ditindakake.

Dinamika Kapribadhen

Rasa kuwatir

Rasa kuwatir miturut Muis (2009:14) minangka sawijining kahanan kang ora nyenengake, asipat emosional lan nduweni kakuwatan kang gedhe lan diwujudake marang sawijining wujud fisik kang mratandhani anane bebaya. Tuladhane sawijining pawongan ngadhepi kahanan kang bebaya, awake mesthi ndredheg lan kemringet.

Rasa kuwatir diperang dadi telu yaiku rasa kuwatir *neurotik*, *moralistik* lan *realistik*. Rasa kuwatir *neurotik* yaiku rasa kuwatir ngenani bebaya kang ora dingerteni alesane. Rasa pangrasa iki tuwuh ing sajrone *ego* nanging minangka wewujudan rangsangan saka *id* kayata rasa ndhredheg. Rasa kuwatir *moralistik* yaiku rasa kuwatir kang tuwuhe saka donyaning sosial kayata rasa isin, rasa wedi, rasa salah. Dene rasa kuwatir *realistik* yaiku rasa pangrasa kang ora tinamtu marang bebaya kang bisa wae kedadeyan ing donya njaba (Muis, 2009:14).

Naluri

Miturut Freud (sajroning Minderop, 2011:26-27) *naluri* kang ana sajroning dhirine manungsa diperang dadi loro yaiku *naluri* panguripan lan *naluri* mati. *Naluri* panguripan diwujudake ing sajrone tumindak *seks*. Dene *naluri* mati kang dadi lelandhesan tumindak *agresif* lan *desktruktif*.

Mekanisme Pertahanan Ego

Salah sawijining kuwajiban kang diwenehake marang *ego* yaiku ngadhepi bebaya kang nuwuhake rasa kuwatir. Kanggo ngadhepi rasa kuwatir kang tuwuh kasebut, *ego* nduweni *mekanisme pertahanan*.

Proyeksi

Miturut Hilgard (sajroning Minderop, 2011:34) proyeksi minangka *mekanisme* kang ora disadhari nanging mesthi ngayomi awake dhewe saka pengakuwan. Sipat kang mligi saka proyeksi yaiku subjek-subjek saka rasa pangrasa kasebut dhewe yaiku manungsane dhewe kang diowahi. Dheweke bisa ngowahi subjek dadi objek. Tuladhane kaya “aku mangkel marang kowe” diowahi dadi “kowe mangkel karo aku”.

Rasionalisasi

Rasionalisasi minangka wujud *mekanisme pertahanan* kang digunakake dening pawongan kanggo mbenerake tumindake marang awake dhewe lan wong liya (Muis, 2009:19).

Reaksi Agresi

Reaksi agresi minangka sawijining *reaksi* kang oleh daya pangaribawa saka *dorongan agresi* kanggo ngrusak objek kang ndadekake frustasi. *Reaksi agresi* kasebut ditujokake marang objek asli lan bisa uga marang objek kang dadi gegantine (Alwisol, 2008:27-28). *Reaksi agresi* kasebut miturut Siswantoro (2005:102) uga bisa diarani wujud saka *displacement* (pengalihan).

Intelektualisasi

Miturut Muis (2009:19), *intelektualisasi* minangka sawijining *mekanisme pertahanan ego* kanthi cara luwih nengenake *rasional* utawa mikir *logis* tanpa mikirake *reaksi* emosi kang dirasakake.

Paraga

Paraga minangka pelaku kang nyengkuyung kedadeyan ing crita fiksi (Aminuddin, 2011:79). Paraga yen diperang adhedhasar wewatekane ana loro yaiku paraga *sederhana* lan paraga *bulat*. Paraga *sederhana* minangka paraga kang nduweni watek amung siji. Dene paraga *bulat* yaiku paraga kompleks kang nduweni watek lan tumindak maneka warna (Nurgiyantoro, 2007:182-183). Saliyane kuwi, paraga adhedhasar pangrembakaning wewatekan diperang dadi loro yaiku paraga *statis* lan paraga *berkembang*. Paraga *statis* yaiku paraga kang ora ngalami owah-owahan wewatekan. Dene paraga *berkembang* minangka paraga kang ngalami owah-owahan wewatekan kang dijalari saka kedadeyan kang tuwuh ing crita (Nurgiyantoro, 2007:188-189).

Miturut Wahyuningtyas & Santosa (2011:3) teknik nggambarake paraga diperang dadi loro yaiku kanthi cara analitik lan dramatik. Teknik nggambarake paraga kanthi cara analitik yaiku teknik nuduhake gegambaran paraga cerita kanthi deskripsi lan andharan kang langsung. Dene

dramatik yaiku teknik nggambarake paraga cerita kanthi cara kang ora langsung.

Landhesane Teori

Panliten iki nggunakake tintingan psikologi sastra. Teori psikologi kang digunakake yaiku teori psikoanalisis Sigmund Freud. Teori psikoanalisis kasebut sesambungan karo struktur kapribadhen, *dinamika* kapribadhen, lan *mekanisme pertahanan ego*. Struktur kapribadhen lan dinamika kapribadhen digunakake kanggo ngandharake gegambaran rasa dhendhame paraga utama. Dene *mekanisme pertahanan ego* digunakake kanggo njlentrehake gegambaran paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo.

METODE

Ancangan Panliten

Panliten ngenani “Dhendhame Paraga Utama sajrone Cerbung *Polahe Rasa* Anggitané Al Aris Purnomo” minangka salah sawijining wujud panliten kualitatif deskriptif. Metode deskriptif digunakake kanggo ngandharake gegambarane paraga utama, gegambaran dhendhame paraga utama lan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo kanthi tintingan psikoanalisis saka Sigmund Freud.

Data lan Sumber Data

Sumber Data

Sumber data panliten iki yaiku cerbung anggitané Al Aris Purnomo kanthi irah-irahan *Polahe Rasa* kang kaemot ing kalawarti Djaka Lodang. Cerbung *Polahe Rasa* karakit dadi 14 edhisi lan diterbitake ing saben minggune wiwit tanggal 29 Oktober 2011 nganti 28 Januari 2012.

Data

Data ing panliten iki arupa perangan saka crita kang nuduhake sawijining bab kang ana sambungane karo underaning panliten yaiku ngenani gegambarane paraga utama, gegambaran rasa dhendhame paraga utama, lan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo kanthi tintingan psikoanalisis Sigmund Freud.

Tata Cara Ngumpulake Data

Tata cara ngumpulake data kang digunakake ing panliten iki yaiku kanthi teknik pustaka. Dene tata cara teknik pustaka kang ditindakake ing panliten iki yaiku 1) maca lan ngerteni isi cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo, 2) nemtokake perkara-perkara kang bakal diteliti kang selaras karo isine cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo, 3) ngumpulake data kang

sesambungan karo objek lan perkara-perkara kang diteliti yaiku ngenani gegambarane paraga utama, gegambaran dhendhame paraga utama, lan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo.

Tata Cara Ngolah Data

Tata cara pangolahe data kang digunakake ing panliten iki yaiku kanthi metode deskriptif analisis. Tata cara pangolahe data kanthi metode deskriptif analisis yaiku (1) Interpretasi data yaiku nggayutake maneka kedadeyan-kedadeyan ing sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo karo underaning panliten yaiku ngenani gegambarane paraga utama, gegambaran rasa dhendhame paraga utama, lan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame, (2) Analisis data yaiku nganalisis data pokok arupa cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo selaras karo underaning panliten iki yaiku gegambarane paraga utama, gegambaran rasa dhendhame paraga utama, lan carane paraga utama ngadhepi rasa dhendhame kanthi disengkuyung karo teori psikoanalisis Sigmund Freud, (3) Deskripsi asil analisis kanthi cara asil analisis diandharake kanthi rinci lan runtut adhedhasar underaning panliten lan ancasing panliten kang wis ditemtokake, lan (4) Dudutan asil panliten minangka asil akhir saka sakabehing proses panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambarane Paraga Utama sajrone Cerbung *Polahe Rasa* Anggitane Al Aris Purnomo

Paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo yaiku Anggara Bayu Sakti. Dheweke bisa sinebut paraga utama kabukti saka jenenge kang kerep diandharake ing saben perangan crita. Paraga Anggara Bayu Sakti uga minangka punjering konflik kang ana ing cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Kanggo luwih cethane kepriye sejatine gegambarane paraga Anggara Bayu Sakti sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo bakal diandharake ing ngisor iki:

Wasis ing babagan nggambar

Paraga Anggara Bayu Sakti digambarake dening Al Aris Purnomo minangka priya kang nduweni kaprigelan ing babagan nggambar. Kaprigelane ing babagan nggambar katon cetha saka rerangkening kedadeyan ing ngisor iki :

...Nalika kuwi dheweke mangkat menyang kutha Bandung saperlu sinau nggambar, kang pancen dadi kaprigelane. Dheweke diterke tekan stasiun Balapan dening Pinkan Ulus, pacare sing duwe getih turunan Menado. Bapak lan ibune uga

ngeterake, ora keru adhine wadon sing jeneng Nimas Lintang Kinasih, uga melu ngeterake.

(Polahe Rasa edhisi 1 kaca 18, DL-22/2011)

Lumantar rerangkening kedadeyan kasebut nuduhake yen Anggara Bayu Sakti pancen nduweni kaprigelan ing babagan nggambar. Jalaran kaprigelane kuwi uga, ndadekake dheweke budhal menyang Bandung saperlu sinau marang sawijining maestro seni lukis kang wis kawentar sanuswantara. Kaprigelan lan kawruh nggambar kang wis diolehi rikala setaun ing Bandung, ndadekake dheweke nduweni krenteg kanggo mbukak galeri lukisan ing omahe. Lan pranyata asil lukisan kang ana ing galerine Anggara Bayu Sakti akeh kang disenengi dening para sutrena lukisan.

Dikuwasani Rasa Dhendham

Anggara Bayu Sakti kang ora bisa nampa kanyatan tumrap apa kang kedadeyan karo pak Siman Harjolutomo lan kulawargane ndadekake dheweke tansah digubel dening rasa mangkel lan pangigit. Dheweke ora bisa lega yen ta durung bisa males ukum marang pawongan kang njalari kulawargane urip susah kaya mangkono. Kahanan jiwane paraga Anggara Bayu Sakti kang dikuwasani dening rasa dhendham ginambarake kanthi analitik ing pethikan kaya mangkene :

Bu Winarni lan Nimas Lintang Kinasih mbokmenawa wis bisa nglalekake lelakon pait sing nate natoni kulawargane. Nanging ora tumrap Anggara, atine isih murub, panas mongah-mongah, menawa kelingan lelakon sing nemani bapake. Anggara durung marem menawa durung bisa males ukum marang wong kang njlomprongake bapake.

(Polahe Rasa edhisi 1 kaca 19, DL-22/2011)

Senajan ibu lan adhine wadon wis ikhlas nrima kahanan nanging beda karo Anggara Bayu Sakti. Dheweke ora trima lan ora bisa nglalekake lelakon pait kang wis ndadekake kulawargane urip sengsara. Atine isih murub lan panas mongah-mongah. Dheweke durung lega yen durung bisa males ukum marang wong kang njlomprongake bapake. Saka pethikan kuwi bisa mratelakake yen pancen rasa dhendham kasebut kasil nguwasani kajiwané.

Tekad kanggo Males Ukum

Anggara Bayu Sakti pancen digambarake dening Al Aris Purnomo minangka pawongan kang jiwane digubel dening rasa dhendham. Rasa dhendham kuwi uga kang agawe dheweke nduweni niat bakal menehi piwalesan marang pawongan kang wis njlomprongake bapake. Pepenginane kuwi sansaya gedhe nalika ngerteni pawongan sing ndadekake kulawargane sengsara kuwi

uripe katon sarwa kepenak. Anggara Bayu Sakti ngerteni bab kuwi nalika dheweke ngeterake penumpang becake Lik Kriyo menyang perumahan Indah Asri. Pranyata omahe penumpang becak kuwi padha karo omahe mungsuhe Anggara Bayu Sakti.

Nalika nyawang kahanan omahe kuwi, sakala rasa mangkel kang sasuwene kuwi dipendhem dening Anggara Bayu Sakti kaya-kaya mubal. Dheweke rumangsa anyel marang kahanan omah magrong-magrong duweke Madya Sugihartono, wong kang banget disengiti kuwi. Tekad males ukum kang sasuwene kuwi sumimpen ing jero atine kaya-kaya pengin diwujudake nalika wektu kuwi uga. Pethikan iki kanthi analitik kasil nuduhake pepenginan lan tekade kanggo males ukum.

...Pangigite marang Madya Sugihartono wiwit tuwuh maneh, alon-alon nafsu amarah wiwit nguwasani anggane. Sapletik ana krenteg males ukum wektu kuwi uga, bakal mulasara kenya penumpang lan ngorak-arik omah gedhe magrong-magrong kuwi.

(Polahe Rasa edhisi 3 kaca 18, DL-24/2011)

Pethikan kasebut nuduhake kepriye krenteg kang ana sajrone batine yaiku krenteg kanggo males ukum. Dheweke nalika wektu kuwi kepengin banget bisa ngorak-arik omah magrong-magrong lan mulasara kabeh pawongan kang ana ing kono. Saka pamikire kuwi nuduhake yen pancen Anggara Bayu Sakti nduweni tekad kanggo males ukum.

Tinarbuka marang Paseduluran

Anggara Bayu Sakti sejatine seneng nyedulur karo sapa wae. Nanging jalaran kahanan kang ora kepenak nalika wektu kepungkur ndadekake jiwane kadhangkala dadi emosi. Wujud wewatekane Anggara Bayu Sakti kang seneng nyedulur kasebut ginambar saka rerangkening kedadeyan iki :

Wong kuwi nepungake jenenge Aprianto. Asale saka dhusun Karanglor, kecamatan Manyaran, kabupaten Wonogiri. Aprianto crita yen dheweke kuwi anake Parjo Gendut, kanca rakete Pak Siman Harjo Lukito. Karepe Aprianto kepengin ketemu karo kulawargane Pak Siman, perlune bakal nyambung tali paseduluran. Mesthi wae ditampa kanthi becik dening Anggara. Satemene Anggara kuwi seneng paseduluran karo sapa wae, nanging amarga kahanan lan lelakon kang ora kepenak sing nate disandhang kulawargane ndadekake Anggara kadhangkala mubal emosine..

(Polahe Rasa edhisi 4 kaca 19, DL-25/2011)

Pethikan kasebut nggambarake paraga Anggara Bayu Sakti kang nduweni wewatekan tinarbuka ing paseduluran. Senajan dheweke sasuwene iki tansah

digubel dening rasa dhendham, nanging yen ana kang kepengin nyedulur karo dheweke bakal ditampa kanthi sabecik-becike. Bab kasebut bisa kagambarake saka tumindake Anggara Bayu Sakti kang nampa becik kekarepane Aprianto teka ing omahe Anggara Bayu Sakti kanggo ngraketan paseduluran karo kulawargane pak Siman Harjo Lukito. Apa maneh nalika ngerteni yen ta sejatine Aprianto mono anak saka kanca rakete pak Siman Harjolukito mesthi wae kanthi sumanak lan tinarbuka nampa paseduluran kuwi.

Gegambaran Rasa Dhendhame Paraga Utama sajrone cerbung Polahe Rasa Anggitane Al Aris Purnomo

Wujud Rasa Dhendhame Paraga Utama

Cerbung *Polahe Rasa* iki kawiwitan nyritakake kajiwane sawijining nom-noman kang jenenge Anggara Bayu Sakti. Paraga Anggara Bayu Sakti digambarake dening Al Aris Purnomo nduweni lelakon pait sajrone uripe. Lelakon pait kasebut ndadekake anane sawijining rasa dhendham kang tansah nguwasani kapribadhene. Rasa dhendham kang ngrembaka ing kajiwane Anggara Bayu Sakti nuwuhake pepenginan kanggo males ukum marang Madya Sugihartono yaiku pawongan kang wis ndadekake anane lelakon pait ing uripe. Rasa dhendham lan pepenginan males ukum kuwi kagambarake kanthi analitik ing pethikan iki :

Anggara durung marem menawa durung bisa males ukum marang wong kang njlomprongake bapake. Ing pikirane mung kari golek upaya kepriye anggane arep males ukum. Lara saur lara, pati saur pati. Mangkono krodhane batine sasuwene iki.

(Polahe Rasa edhisi 1 kaca 19, DL-22/2011)

Pethikan ing dhuwur nuduhake anane lelakon pait kang dialami dening kulawargane banget naton rasa pangrasane Anggara Bayu Sakti. Kahanan kuwi ndadekake Anggara Bayu Sakti ora bisa lila lan ora bakal marem sadurunge bisa males ukum marang pawongan kang wis ndadekake kulawargane urip sengsara. Rasa dhendham lan pepenginan males ukum kang ngrembaka ing batine Anggara Bayu Sakti minangka gegambaran naluri mati kang manggon ing struktur kapribadhen *id* kang diduweni Anggara Bayu Sakti.

Rasa dhendham lan pepenginan males ukume Anggara Bayu Sakti ndadekake anane konflik ing batine. Konflik kuwi tuwuh jalaran anane pertentangan antarane struktur kapribadhen *id*, *ego* lan *superego* ing jiwane Anggara Bayu Sakti. Wujud konflik batine katitik ing kedadeyan nalika Anggara Bayu Sakti dijaluki tulung

dening Lik Kriyo, tukang becak kang manggon ing plataran stasiun Balapan kanggo ngeterake penumpang.

Pranyata omahe penumpang kuwi padha karo omahe Madya Sugihartono. Nalika ngerteni kahanan omahe Madya Sugihartono kang magrong-magrong, rasa dhendham lan pepenginan males ukum kuwi tuwuh. Kahanan kasebut kanthi analitik kagambar ing pethikan iki :

...Pangigite marang Madya Sugihartono wiwit tuwuh maneh, alon-alon napsu amarah wiwit nguwasani anggane. Sapletik ana krenteg males ukum wektu kuwi uga, bakal mulasara Kenya penumpang lan ngorak-arik omah gedhe magrong-magrong kuwi. (Polahe Rasa edhisi 3 kaca 18, DL-24/2011)

Gegambaran kahanan omahe Madya Sugihartono ndadekake Anggara Bayu Sakti mubal emosine. *Id* kang ana ing jiwane nuwuhake pepenginan kanggo males ukum wektu kuwi uga. Dheweke kepengin ngorak-arik lan mulasara wong kang ana ing omah kuwi. Sejatine pepenginane kuwi diwimbui dening rasa rangu. Kanthi analitik rasa rangu kuwi katon ing pethikan iki :

...Nanging Anggara goreh pikirane. Saiki pranyata dheweke ngrasakake kanggo males ukum utawa balas dhendham kuwi butuh kekuwatan mirunggan. Lan nyatane dheweke rangu-rangu. (PR edhisi 3 kaca 18, DL-24/2011)

Id mujudake struktur kapribadhen kang kerja adhedhasar prinsip kasenangan bakal ngupaya amrih bisa mikolehi kasenangan lan ngendhani bab-bab kang agawe ora seneng. *Id* kang diduweni dening Anggara Bayu Sakti awujud pepenginane kanggo males ukum pranyata ora bisa dislarasake karo kanyatan. *Ego* kang nduweni prinsip kerja adhedhasar kanyatan meruhi yen tumindak males ukum kuwi mbutuhake kekuwatan kang mirunggan. Ing kene nuduhake anane konflik psikologis antarane *id* lan *ego*. Pepenginan saka *id* kang ora bisa diwujudake ing kanyatan banjur menehi *tekanan* marang *ego*.

Anane *tekanan* kuwi ndadekake rasa rangu ing jiwane Anggara Bayu Sakti. Kanggo ngilangake rasa rangu kuwi, *ego* ing jiwane Anggara Bayu Sakti nindakake kang jenenge *mekanisme pertahanan ego rasionalisasi* yaiku mbenerake tumindak Anggara Bayu Sakti kanggo males ukum. *Ego* pancen sejatine nduweni jejibahan kanggo mujudake pepenginane *id*. *Ego* kang kerjane adhedhasar prinsip kanyatan nduweni kuwajiban kanggo mujudake pepenginane *id* ing kanyatan tanpa mikir ala lan becik. Cara kerjane *ego* kang kaya mangkono kadhangkala cengkah karo struktur

kapribadhen *superego* kang luwih nengenake prinsip moral.

Pangrembakane Rasa Dhendhame Paraga Utama

Pangrembakane rasa dhendham kang dialami dening paraga Anggara Bayu Sakti sajrone cerbung *Polahe Rasa* awujud tuwuh rasa kuwatir ing kajiwane. Rasa kuwatir kasebut tuwuh jalaran paraga Anggara Bayu Sakti kadhangkala ora bisa ngendaleni rasa dhendham lan pepenginan males ukum kang makantar-kantar ing kajiwane. Saliyane kuwi rasa kuwatir kasebut uga sansaya ngrembaka nalika dheweke nduweni rasa tresna marang Raras Pamulatsih yaiku anake Madya Sugihartono, wong kang banget disengiti. Kanggo luwih cethane kepriye gegambaran rasa kuwatir paraga Anggara Bayu Sakti sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo bakal kaandharake ing ngisor iki.

Rasa Kuwatir Paraga Utama

Paraga Anggara Bayu Sakti sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo dicritakake nduweni rasa dhendham kang gedhe marang sawijining pawongan yaiku Madya Sugihartono. Rasa dhendham kang ngrembaka ing kajiwane Anggara Bayu Sakti kasebut kadhangkala ora bisa dikendhaleni lan ndadekake dheweke ngalami sawijining rasa kuwatir.

Rasa kuwatir kuwi katon ing kadadeyan nalika dheweke nulungi Lik Kriyo yaiku tukang becak kang mangkal ing plataran stasiun Balapan kanggo ngeterake penumpang becake. Pranyata omahe penumpang kuwi ing perumahan Indah Asri. Nalika kuwi prasasat Anggara Bayu Sakti kelingan maneh marang rasa dhendhame. Bab kasebut dijalari omahe Madya Sugihartono uga manggon ing perumahan Indah Asri. Rasa pangrasane kang ora kepenak kuwi sansaya katon nalika penumpang nyebutake blok lan nomer omah kang padha karo duweke Madya Sugihartono. Rasa pangrasa ora kepenak kang dialami dening Anggara Bayu Sakti kuwi kagambar kanthi dramatik ing pethikan iki :

...Anggara trataban tenan. Awake sing wis kringeten tambah kringeten, nanging kringet sing metu keru kuwi krasa anyep. Keteg jantungge krasa seru nampeg dhadha. Pangrasane kumesar. Sakujur awake krasa gemeter. (Polahe Rasa edhisi 2 kaca 19, DL-23/2011)

Saka pethikan kasebut kagambar kepriye rasa kuwatir kang dialami dening Anggara Bayu Sakti. Gegambaran rasa pangrasane kang trataban, dredheg lan kringet anyep metu saka sakujur awake mratandhani yen Anggara Bayu Sakti nalika kuwi ngalami sawijining rasa kuwatir.

Panyebab utawa Jalaran Tuwuhe Rasa Dhendham

Rasa dhendham kang ngrembaka ing kajiwane sawijining pawongan bisa tuwuh utawa dumadi mesthi ana jalarane. Semono uga rasa dhendham kang tuwuh lan ngrembaka ing kajiwane Anggara Bayu Sakti kang minangka paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo. Paraga Anggara Bayu Sakti sajrone cerbung *Polahe Rasa* sejatine digambarake dening Al Aris Purnomo minangka nom-noman kang nduweni wewatekan becik. Nanging jalaran lelakon pait kang dialami dening dheweke lan kulawargane ndadekake anane owah-owahan ing kajiwane. Lelakon bapake kang ora kepenak minangka wiwitan tuwuhe rasa dhendham ing kajiwane Anggara Bayu Sakti.

Lelakone bapake kang dinakwa nindakake korupsi nganti kasil dikunjara banget natoni rasa pangrasane Anggara Bayu Sakti. Bab kasebut kagambarake ing rerengkening kedadeyan iki :

...Bapake Anggara Pak Siman Harjo Lukito dinakwa kesangkut ing perkara korupsi. Wektu kuwi Anggara prasasat ora bisa nampa kasunyatan. Ing antarane rasa ora percaya lan rasa mangkel, isih diwimbuhi rasa kapedhotan katresnan. Awit Pinkan ulus, pacare, sawise ngerti kanyatan sing embuh durung genah bener lupute kuwi, kanthi tanpa taha-taha ninggalake Anggara sing nembe nandhang susah.

(Polahe Rasa edhisi 1 kaca 18, DL-22/2011)

Pethikan ing dhuwur nuduhake kepriye rasa pangrasane Anggara Bayu Sakti nalika kuwi yaiku antarane ora percaya lan mangkel. Rasa pangrasane kuwi dijalari pancen miturute Anggara Bayu Sakti bapake kuwi minangka wong kang becik bebudene lan nduweni tanggung jawab kang gedhe marang kulawargane. Anggara Bayu Sakti ora percaya yen bapake bisa nglakoni tumindak ala kaya mangkono. Rasa ora bisa nampa kasunyatan yen bapake dinakwa nindakake korupsi kuwi diwimbuhi dening kahanan kang nrenyuhake lan ndadekake batine Anggara Bayu Sakti keranta-ranta. Bapake tilar donya ing pakunjaran. Kahanane Anggara Bayu Sakti kang nrenyuhake kuwi uga ditambah karo panyawange tangga ing sakupeng omahe kang ora kepenak marang kulawargane. Lelakon paite nalika wektu kepungkur kuwi ora bisa dililakake dening Anggara Bayu Sakti. Dheweke rumangsa ora trima marang sakabehe kedadeyan kang agawe sengsara kulawargane kuwi. Bab kasebut kang njalari dheweke nduweni rasa dhendham. Rasa dhendham kuwi uga

sansaya ngrembaka dadi pepenginan males ukum nalika dheweke ngerteni yen sejatine bapake mlebu pakunjaran jalaran dijlomprongake dening kancane dhewe yaiku Madya Sugihartono.

Carane Paraga Utama Ngadhepi Rasa Dhendhame sajrone Cerbung *Polahe Rasa* Anggitane Al Aris Purnomo

Proyeksi

Tumindake Anggara Bayu Sakti kang nuduhake *proses proyeksi* kagambar nalika Anggara Bayu Sakti nggoleki liontine Raras Pamulatsih kang dibuwang adoh karo dheweke jalaran dikuwasani dening amarah. *Proyeksi* kasebut kanthi analitik kagambarake ing pethikan pacelathon ing ngisor iki :

“Mas Anggara, madosi punapa? Ana swara alok, pranyata swarane Kang Jakiyo, rewange Bu Winarni ing warung mangan.”

“boten madosi napa-napa, Kang. Niki pethetane kula tata, kersane angsal sunar srengenge,” Anggara wangsulan goroh.

(Polahe Rasa edhisi 4 kaca 18, DL-25/2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen Anggara Bayu Sakti menahi wangsulan marang Kang Jakiyo, rewange ibune ing warung mangan kanthi wangsulan kang ora satemene. Dheweke ora nuduhake kahanan kang sabenero yen sejatine dheweke lagi nggoleki liontine Raras Pamulatsih kang ditemokake ing lungguhan becake Lik Kriyo kang jerone ana gambare Raras Pamulatsih diampit dening Madya Sugihartono lan bojone. Wangsulan kang ditindakake dening Anggara Bayu Sakti kaya mangkono uga bisa diarani minangka *proyeksi*.

Rasionalisasi

Pepenginan Anggara Bayu Sakti kanggo males ukum nalika ing omah magrong-magrong kuwi uga dadi goreh nalika ana sapletik rasa rangu jalaran tuwuhe wewayangane ibune, Bu Winarni ing alam pamikire Anggara Bayu Sakti. Wewayangane ibune kang kebak eluh kaya-kaya kandha marang Anggara Bayu Sakti supaya nglereni anggone dhendham lan pepenginan males ukum marang Madya Sugihartono. Wewayangan kuwi coba diilangi dening Anggara Bayu Sakti kanthi *rasionalisasi*. Pethikan ing ngisor iki nuduhake dalan pamire Anggara Bayu Sakti :

“Saiki wis beda! Aku dudu bocah cilik! Iki ora beladhiri, nanging njaga martabat kulawarga. Apa wong sing wis njalari kulawargane bosah-baseh, diumbar wae urip kanthi kepenak? Apa pokal julig, tumindak murangsarak, fitnah lan angkara murka diumbar

ngono wae, satemah bisa ngebaki, nguwasani lan ngrusak tatanan urip ing masarakat? Kudu ana wong sing wani tumindak lan nglawan kabeh kuwi! Ora kudu ngenteni dina kiamat kanggo mbuktekake adile Gusti! Mangkono panjerite batinne Anggara.”

(Polahe Rasa edhisi 3 kaca 18, DL-24/2011)

Pethikan kasebut nuduhake sawijining *rasionalisasi* saka alam pamikire Anggara Bayu Sakti. kanggo mbenerake tumindake kang arep menehi piwales kasebut. Dheweke mikir yen males ukum kuwi ditindakake kanggo njaga martabate kulawargane.

Reaksi Agresi

Wujud tumindak *reaksi agresi* kang dialami dening Anggara Bayu Sakti katitik ing kedadeyan nalika dheweke meruhi liontin duweke Raras Pamulatsih kuwi jerone ana gambare Raras Pamulatsih kang diapit dening Madya Sugihartono lan bojone. Nalika meruhi kuwi emosine lan pangigite Anggara Bayu Sakti mubal ora bisa dikendhaleni. Kahanan kang ora kepenak kasebut banjur ndadekake Anggara Bayu Sakti nuduhake rasa nesune kasebut marang liontin kuwi. Kagambarake kanthi analitik ing pethikan iki :

Anggara kumesar atine, liontin banjur disabetake menyang jogan sakayange. Napsune amarah sanalika mubal. Kuwi durung cukup, liontin sing ana photo kuwi banjur diidak-idak.

(Polahe Rasa edhisi 3 kaca 19, DL-24/2011)

Pethikan kasebut nuduhake tumindake Anggara Bayu Sakti kang minangka wewujudan saka *reaksi agresi* kanggo ngadhepi rasa dhendhame kang nguwasani kajiwane. Reaksi agresi kasebut ditindakake Anggara Bayu Sakti marang objek gegantine Madya Sugihartono yaiku liontine Raras Pamulatsih. *Reaksi agresi* kasebut digambarake kanthi dheweke nyabetake liontin kang ana gambare Madya Sugihartono sakulawarga ing jogan.

Intelektualisasi

Tumindake Anggara Bayu Sakti kang nuduhake anane sawijining gegambaran *intelektualisasi* katon nalika dheweke arep males ukum marang Madya Sugihartono kang ana ing Umbul Naga. Nalika kuwi Anggara Bayu Sakti wis dikuwasani dening emosi lan pepenginan males ukum. Nanging pranyata kahanan ing Umbul Naga kuwi katon rame. Ing alam pamikire Anggara Bayu Sakti banjur tuwuh sawijining *intelektualisasi* kang kagambarake kanthi dramatik ing pethikan iki :

...Anggara wis gembleng tekade bakal males ukum dina kuwi. Nanging pranyata kalodhangan ora ana, awit

papan kuwi pranyata ora nate sepi. Upama Anggara nekad mesthi bakal nuwuhake geger. Lan kanthi gampang dheweke bakal bisa dipikut dening wong kang ana kono.

(Polahe Rasa edhisi 13 kaca 19, DL-34/2012)

Senajan Anggara Bayu Sakti wis dikuwasani dening emosi lan pepenginan males ukum nanging pranyata dheweke isih nggunakake nalare kang logis lan rasional. Pamikiran kang *logis* kuwi kabukti dalan pamikire kang nenimbang yen panggah nekad males ukum mesthi bakal agawe geger lan dheweke gampang dipikul dening wong-wong kang ana ing panggonan kuwi. Pamikiran kang kaya mangkono minangka sawijining *intelektualisasi*.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan kang sepisan yaiku ngenani gegambarane paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa*. Paraga utama sajrone cerbung *Polahe Rasa* yaiku Anggara Bayu Sakti digambarake dening Al Aris Purnomo minangka paraga kang *berkembang*.

Dudutan kang kaping pindho yaiku ngenani gegambaran rasa dhendhame paraga utama. Rasa dhendham lan pepenginan males ukum kang ana ing jiwane paraga utama minangka wewujudan saka naluri mati kang manggon ing struktur kapribadhen *id*. Rasa dhendham lan pepenginan males ukum kuwi ndadekake konflik antarane struktur kapribadhen *id* lan *ego* utawa *ego* lan *superego*. Rasa dhendham kang sumimpen ing kajiwane Anggara Bayu Sakti suwe-suwe uga ngrembaka dadi rasa kuwatir. Rasa dhendham kasebut tuwuh kawiwitan saka kedadeyan bapake Anggara Bayu Sakti yaiku pak Siman Harjolukito mlebu lan tilar donya ing pakunjaran amarga difitnah nglakoni tumindak korupsi.

Dudutan katelu yaiku ngenani carane paraga utama ngadhepi rasa dhendham kang ana ing kajiwane. Yen diwawas saka teori psikoanalisis mligine perangan *mekanisme pertahanan ego*, paraga Anggara Bayu Sakti nggunakake *mekanisme proyeksi*, *rasionalisasi*, *reaksi agresi* lan *intelektualisasi* kanggo ngadhepi rasa dhendham kang nggubel kajiwane.

Pamrayoga

Panliten tumrap cerbung *Polahe Rasa* anggitane Al Aris Purnomo iki mujudake trap-trapan kang kapisan sing isih bisa ditliti maneh. Bab-bab psikologis kang kawedhar mung salah sijine perangan kang narik kawigaten lan isih akeh perangan liya kang perlu ditliti saengga pemahaman tumrap cerbung *Polahe Rasa* iki bisa luwih jero. Mula saka kuwi, dikarepake panliti liya kanggo nliti objek kang padha kanthi luwih jero saka maneka werna aspek.

Sajroning cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo diandharake kanthi cetha gegambarane sawijining rasa dhendham kang kasil nguwasani paraga utamane. Kanthi cetha Al Aris Purnomo nyritakake yen sejatine dhendham mono mujudake bab kang ora becik, amung bisa agawe petenge ati nurani lan gawe rugi lingkungan sakupenge. Kanthi anane isi crita kang kaya mangkono, pamaca bisa ngerteni lan ndadekake patuladhan ing urip saben dinane supaya ora ngrembakakake rasa kang ora becik kayadene dhendham kang kacaritakake ing cerbung kasebut.

Kanthi anane cerbung *Polahe Rasa* anggitané Al Aris Purnomo kuwi uga diajab bisaa nuwuhake greget marang para pamaca kanggo nuwuhake karya sastra kang nduweni nilai-nilai panguripan kang bisa didadekake patuladhan. Panliten iki uga dikarepake bisa menehi sumbang sih kanggo ngrembakakake panliten sastra Jawa mligine kanthi tintingan psikologi sastra.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2008. *Psikologi Kepribadian (Edisi Revisi)*. Malang: UPT Penerbitan Universitas Muhammadiyah Malang
- Darma, Budi. 2004. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Psikologi Sastra*. Yogyakarta: Medpress (Anggota IKAPI)
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Medpress (Anggota IKAPI)
- Freud, Sigmund. *Memperkenalkan Psikoanalisa (Terjemagan K. Bertens)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya Dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya
- Minderop, Albertine. 2011. *Psikologi Sastra : Karya Sastra, Metode, Teori, Dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia
- Muis, Saludin. 2009. *Kenali Kepribadian Anda Dan Permasalahannya Dari Sudut Pandang Teori Psikoanalisa*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Purnomo, Al Aris. 2011. Cerbung “Polahe Rasa”. Yogyakarta: PT Djaka Lodang Pers
- Siswantoro. 2005. *Metode Penelitian Sastra : Analisis Psikologis*. Surakarta: Muhammadiyah University Press
- Wahyuningtyas, Sri Dan Wijaya Heru Santosa. 2011. *Sastra : Teori Dan Implementasi*. Surakarta: Yuma Pustaka

